

AOC-495 Doc. Code: GPF
Rev. 4-22
Paj 1 sou 2
Eta Kentucky
Tribinal Jistis www.kycourts.gov
RCr 8.08, 8.10
KRS 189A.010, .070, .085



**Kondui Anba Enfliyans
(Plede Koupab)**

Dosye No. _____
Tribinal _____
Konte _____
Sitasyon # _____
Dat Vyolasyon _____

ETA KENTUCKY
KONT

PLENYAN

AKIZE

Adrès: _____

Akize a vini, an pèsòn ak avoka OSWA san avoka, epi li mande Tribinal sa a pou pèmèt li plede “**KOUPAB**” jan sa endike pi ba a. Pou sipòte demann sa a, Akize a deklare nan fason sa a:

1. Mwen se moun ki site pi wo a ak nan sitasyon/manda ki **akize m Kondui Anba Enfliyans** **premye** **dezyèm** **twazyèm** **katriyèm enfraksyon oswa enfraksyon ki vin apre**. M ap plede koupab pou _____.
2. Dwòg, alkòl, oswa medikaman pa enfliyanse jijman mwen nan moman sa a.
3. Mwen te revize yon kopi sitasyon an.
4. **Mwen te di avoka m tout enfòmasyon mwen konnen konsènan akizasyon m yo**. Mwen kwè ke li konplètman enfòme sou sosye m nan. Nou te diskite an detay e mwen konprann akizasyon ki fèt kont mwen yo ak tout mwayen defans ki posibyo. Mwen satisfè avèk avi epi konsèy avoka a te ban mwen yo.
5. **Mwen konprann mwen ka plede “PA KOUPAB” oswa “KOUPAB” pou nenpòt akizasyon kont mwen. Mwen konprann Konstitisyon an garanti mwen dwa sa yo: (a) dwa pou mwen pa temwaye kont tèt mwen; (b) dwa ak yon jijman rapid epi piblik avèk jiri, ak reprezantasyon legal, kote Eta dwe pwouve ke mwen koupab san okenn dout rezonab; (c) dwa pou yo nome yon avoka si mwen pa kapab peye yon avoka; (d) dwa pou konfwonte ak egzamine touttemwen yo rele pou temwaye kont mwen yo; (e) dwa pou pwodui nenpòt prèv, enklitemwen, an favè mwen; (f) dwa pou fè apèl kont ka mwen an nan yon tribinal siperyè; epi (g) dwa pou kosyon rezonab. Mwen konprann si mwen plede “KOUPAB,” mwen renonse ak dwa sa yo epi mwen pèdi privilèj pou mwen kondwi yon machin nan Eta Kentucky. Mwen konprann tou ke si yo ta kondane mwen pou lòt enfraksyon Kondui Anba Enfliyans (DUI) oswa si mwen ap fonksyone sou lisans ki sispann, penalite yo pral ogmante ak chak kondanasyon.**
6. Mwen konprann ke si mwen plede “KOUPAB”, Tribinal la ka enpoze nenpòt pinisyon nan limit lalwa bay la epi byenke li ka konsidere rekòmandasyon Eta a, Tribinal la ka rejte li. Men pèn legal pou DUI:

(a) **Premye Enfraksyon nan 10 ane:**

- (1) **Sanksyon** - \$200 a \$500 amann ak/oswa 48 èdtan jiska 30 jou prizon. Travay kominotè 48 èdtan jiska 30 jou ka ranplase amann oswa prizon. Si gen yon sikonstans agravan nan komèt enfraksyon an, gen yon minimòm 4 jou prizon obligatwa.
- (2) **Depans ak Frè** - Depans Tribinal, Frè Sèvis DUI, Frè Pwogram Tretman, Frè Konte a, Frè Eta a.
- (3) **Pwogram Tretman pou Konsomasyon Alkòl oswa Sibstans** - 90 jou.
- (4) **Sispansyon Lisans** - Pou yon peryòd ki pa plis pase 6 mwa (oswa si Akize a gen mwens pase 18 an, jiskaske Akize a rive nan laj 18 an, kèlkeswa peryòd ki pi long). Ta dwe kalifye pou aplike pou yon lisans etilotès antidemaraj epi ka elijib pou aplike pou yon lisans pou trajè espesyal si vyolasyon an te tonbe nan kategori KRS 189A.010(1)(c) oswa (d). Yo ka sezi plak machin lan si yo pa bay pèmi etilotès antidemaraj la oswa pèmi pou trajè espesyal.

(b) **Dezyèm Enfraksyon nan 10 Ane:**

- (1) **Sanksyon** - \$350 a \$500 amann epi 7 jou a 6 mwa prizon. Tribinal la gendwa bay lòd pou 10 jou a 6 mwa travay kominotè. Dwe pase yon minimòm tan nan prizon ak/oswa travay kominotè. Si gen yon sikonstans agravan, pèn minimòm obligatwa pou prizon an ta dwe 14 jou.
- (2) **Depans ak Frè** - Depans Tribinal, Frè Sèvis DUI, Frè Pwogram Tretman, Frè Konte a, Frè Eta a.
- (3) **Pwogram Tretman pou Konsomasyon Alkòl oswa Sibstans** - 1 an.
- (4) **Sispansyon Lisans** - Pou yon peryòd ki pa plis pase 18 mwa (oswa si Akize a gen mwens pase 18 an, jiskaske Akize a rive nan laj 18 an, kèlkeswa peryòd ki pi long lan). Ta dwe kalifye pou aplike pou yon etilotès antidemaraj epi ka elijib pou aplike pou yon lisans pou trajè espesyal si vyolasyon an te tonbe nan kategori KRS 189A.010(1)(c) oswa (d). Yo ka sezi plak machin lan si yo pa bay lisans etilotès antidemaraj oswa lisans pou trajè espesyal.

(c) **Twazyèm Enfraksyon nan 10 Ane:**

- (1) **Sanksyon** - \$500 a \$1000 amann ak 30 jou a 12 mwa prizon, epi tribinal ka bay lòd pou 10 jou a 12 mwatrayav kominotè. Dwe pase yon minimòm tan nan prizon ak/oswa travay kominotè. Si gen yon sikonstans agravan, pèn minimòm obligatwa pou prizon an ta dwe 60 jou.
- (2) **Depans ak Frè** - Depans Tribinal, Frè Sèvis DUI, Frè Pwogram Tretman, Frè Konte a, Frè Eta a.
- (3) **Pwogram Tretman pou Konsomasyon Alkòl oswa Sibstans** - 1 an.
- (4) **Sispansyon Lisans** - Pou yon peryòd ki pa plis pase 36 mwa (oswa si Akize a gen mwens pase 18 an, jiskaske Akize a rive nan laj 18 an, kèlkeswa peryòd ki pi long lan). Ta dwe kalifye pou aplike pou yon lisans etilotès antidemaraj epi ka elijib pou aplike pou yon lisans pou trajè espesyal si vyolasyon an te tonbe nan kategori KRS 189A.010(1)(c) oswa (d). Yo ka sezi plak machin lan si yo pa bay lisans etilotès antidemaraj oswa lisans pou trajè espesyal.

(d) **Katriyèm Enfraksyon oswa Enfraksyon ki vin Apre Nan Lepas 10 Ane:**

- (1) **Sanksyon** - 1 a 5 ane (Krim Klas D). Dwe pase 120 jou nan prizon. Si gen yon sikonstans agravan, pèn minimòm obligatwa pou prizon an ta dwe 240 jou.
- (2) **Depans ak Frè** - Depans Tribinal, Frè Sèvis DUI, Frè Pwogram Tretman, Frè Konte a, Frè Eta a.
- (3) **Pwogram Tretman pou Konsomasyon Alkòl oswa Sibstans** - 1 an.
- (4) **Sispansyon Lisans** - Pou yon peryòd ki pa plis pase 60 mwa (oswa si Akize a gen mwens pase 18 an, jiskaske Akize a rive nan laj 18 an, kèlkeswa peryòd ki pi long nan). Ta dwe kalifye pou aplike pou yon lisans etilotès antidemaraj epi ka elijib pou aplike pou yon lisans pou trajè espesyal si vyolasyon an te tonbe nan kategori KRS 189A.010(1)(c) oswa (d). Yo ka sezi plak machin lan si yo pa bay lisans etilotès antidemaraj oswa lisans pou trajè espesyal.

(e) **Sikonstans agravan yo mansyone pi wo a se:** (1) Kondui veyikil a motè (**VM**) depase 30 km pa èdtan pi wo pase limit vitès la; (2) Kondui VM nan move direksyon sou gran wout ki gen aksè limite; (3) Kondui VM kilakoz aksidan ki lakoz lanmò oswa blesi fizik grav; (4) Kondui VM pandan konsantrasyon alkòl nan san oswa alèn kondiktè a se 0.15 oswa plis jan yo mezire nan tès (yo) nan yon echantiyon nan san oswa alèn kondiktè a yo pran nan 2 èdtan apre sispansyon operasyon VM; (5) Refize soumèt yon tès [san, alèn, oswa pipi] yon ofisye ki genrezon valab pou kwè moun t ap kondui oswa gen kontwòl fizik yon VM an vyolasyon KRS 189A.010(1), eksepte pou yon premye enfraksyon anba KRS 189A.010(5)(a); epi (6) Kondui VM k ap transpòte yon pasaje ki poko gen 12 an.

7. Mwen konprann ke **si Tribinal la rejte akò pledwaye a**, li dwe enfòm mwen de sa epi pèmèt mwen swa pèsiste nan pledekoupabmwen an, nan ka sa a mwen ka resewa yon dispozisyon mwens favorab pou dosye mwen an pase sa ki anvizaje nan akò sou pledwaye a, oswa retire plede koupab mwen an epi ale nan jijman.

8. An retou pou plede koupab mwen an, **Eta a te dakò pou l rekòmande** bay Tribinal la akizasyon ak santans orijinal/amande sa yo: _____

Anplis de rekòmandasyon an, pèsòn, enkli avoka mwen an, pa te pwomèt mwen okenn lòt avantaj an retou pou pledekoupab mwen an, ni okenn moun pa te fòse oswa menase mwen pou plede **“KOU PAB.”**

9. Paske m koupab epi mwen pa fè okenn reklamasyon inosans, mwen vle plede **“KOU PAB”** sou baz rekòmandasyon ki pi wo a. Reyalite sa yo etabli kilpabilite m: Nan dat _____, 2 _____,

OSWA

Konfòmeman ak **North Carolina v. Alford, 400 U.S. 25 (1970)** mwen vle plede **“KOU PAB”** sou baz rekòmandasyon ki pi wo a. Nan plede konsa, mwen pa admèt mwen koupab men mwen kwè prèv ki kont mwen yo fòtman montre kilpabilite epi enterè mwen depann de yon pledwaye kilpabilite.

10. M konprann ke akòz kondanasyon mwen isit la jodi a, **mwen ka sibi pi gwo/sanksyon ranfòse si yo jwenn mwen koupab ak/oswa kondane pou nenpòt enfraksyon penal alavni**. Mwen konprann ke si mwen pa yon sitwayen ameriken, mwen ka nan sitiyo pou depòtasyon dapre lwa ak règleman ki gouvènè Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon Etazini.

11. Mwen deklare desizyon plede **“KOU PAB”** mwen an fèt libreman, ak tout konsyans, entelijans epi volontèman. Mwen konprann nati pwosedi sa a, kondisyon konplè pledwaye sa a, ak tout obligasyon ki yo enpoze sou mwen nan tèm sa yo.

Siyen nan odyans piblik jou sou _____, 2 _____.

Siyati Akize a

Siyati Avoka Defans lan (si genyen)

Ekri Non Avoka An Lèt Detache